



Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo sou Lis Kontwòl Depistaj pou Vaksen COVID-19 la

Aktyalize: 5 mas 2021

Atansyon: Pou enfòmasyon rezime sou kontendikasyon ak prekosyon konsènan vaksen an, ale nan Direktiv Jeneral pou Pi Bon Pratik ACIP la pou Vaksinasyon nan www.cdc.gov/vaccines/hcp/acip-recs/general-recs/contraindications.html.

1. Èske ou santi ou malad jodi a?

Si wi, refere ou nan sit vaksinasyon founisè swen sante a pou yon evalyasyon sou sitiyan sante aktyèl ou. Si pasyan an santi li malad modere oswa grav, pa ba li vaksen an nan moman sa a. Mande pasyan an pou li retounen lè sentòm yo amelyore.

2. Pandan 10 dènye jou yo, èske ou te fè tès COVID-19 poutèt ou te gen sentòm epi ou poko resevwa rezilta tès ou yo oswa èske gen yon pwofesyonèl medikal oswa yon depatman sante ki te di ou pou w izole tèt ou oswa mete tèt ou an karantèn lakay ou poutèt enfeksyon COVID-19, kontak ak COVID-19 oswa vwayaj?

Si wi, konseye pasyan an pou li retounen nan izolman oswa karantèn epi re pran randevou pou apre izolman/karantèn lan fini.

Si pasyan an te dyagnostike ak COVID-19 pi plis pase 10 jou de sa e li pa te gen sentòm pou 72 èdtan oswa plis, petèt pasyan an ka pran vaksen an.

Si pasyan an te fè yon tès nan 10 dènye jou yo, mande li rezilta a. Si li pozitif, voye yo lakay yo. Si li negatif, yo ka kontinye pran vaksen an. Si rezilta a pa sèten oswa enkonni, konseye pasyan an pou li retounen yon fwa ke yo te gen yon tès negatif ki konfime oswa yo gen 10 jou pase depi yo te fè yon tès pozitif.

3. Èske yo te trete ou avèk terapi antikò oswa plasma konvalesans pou COVID-19 nan 90 jou (3 mwa) ki sot pase yo? Si wi, kilè ou te resevwa dènye dòz la?

Si wi, pran yon randevou omwen 90 jou apre dènye dòz terapi antikò a.

4. Èske w ou janm gen yon reyaksyon alèjik imedyà, tankou itikè, figi anfle, difikilte pou respire, oswa anafilaksi ak nenpòt vaksen, piki oswa ak nenpòt eleman nan vaksen COVID-19 la, oswa yon reyaksyon alèjik grav (anafilaksi) ak nenpòt ki bagay?

Si wi, answit refere ou nan sit vaksinasyon founisè swen sante a pou yon evalyasyon sou reyaksyon alèjik.

Revize lis engredyan yo nan <https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/clinical-considerations.html#Appendix-C>

Kontendikasyon pou vaksen COVID-19 la:

- Reyaksyon alèjik grav (pa egzant, anafilaksi) oswa reyaksyon alèjik imedyat nan nenpòt gravite apre yon dòz anvan oswa ak yon eleman nan vaksen COVID-19 la.
- Moun ki gen yon kontendikasyon nan youn nan vaksen mRNA COVID-19 yo pa ta dwe resevwa dòz nan youn nan vaksen mRNA COVID-19 yo (Pfizer oswa Moderna)

Prekosyon pou vaksen COVID-19 la: (Refere ou nan pwotokòl òganizasyon ou an pou wè si wi ou non moun ki gen yon prekosyon pou vaksen an jistifye evalyasyon ki plis apwofondi.)

- Reyaksyon alèjik imedyat ak nenpòt ki lòt vaksen oswa terapi atravè enjeksyon (sa vle di, vaksen oswa terapi entra-miskilè, entra-venez, oswa sou-kitane eksepte iminoterapi sou-kitane pou alèji)
- Moun ki gen yon kontendikasyon nan yon tip vaksen COVID-19 (egzanp, mRNA) gen yon prekosyon ak lòt la (egzanp, vektè viral Janssen)
 - Yo ta dwe konsidere konsiltasyon ak yon alègòlòg-iminolojis pou ede detèmine si pasyan an ka resevwa vaksen an san danje, epi yo ta dwe bay moun sa yo vaksen sèlman nan yon anviwònman klinik ki apwopriye anba sipèvizyon yon founisè swen sante ki gen eksperyans nan jesyon reyaksyon alèjik grav.
 - Atansyon: yo pa dwe administre vaksen COVID-19 pou moun sa yo nan sit vaksinasyon Eta opere yo.

Pou pasyan yo detèmine ki kalifye pou vaksinasyon COVID-19 apre evalyasyon istwa alèji, yon peryòd obsèvasyon 30 minit apre vaksinasyon nesèsè pou bagay sa yo:

- Pasyan ki gen yon istwa reyaksyon alèjik imedyat nan nenpòt ki gravite nan nenpòt ki lòt vaksen oswa terapi atravè enjeksyon
- Pasyan ki gen yon kontendikasyon nan yon tip ki diferan nan vaksen COVID-19 la (egzanp, vektè viral mRNA vs. Janssen)
- Pasyan ki gen yon istwa anafilaksi kèlkeswa kòz la

5. Èske w te pran vaksen nan 14 jou (de semèn) ki sot pase yo enkli yon vaksen kont grip la? Si wi, depi konbyen tan ou te pran vaksen ki pi resan?

Si wi, answit rebran yon randevou omwen 14 jou apre vaksen ki pi resan an.

6. Èske ou ansent oswa ou konsidere vin ansent?

Si wi, mande pasyan yo si yo ta renmen fè yon diskisyon ak yon founisè swen sante nan sit la pou konsèy sou risk ak avantaj vaksen COVID-19 la pandan gwosès la. Yo ka petè vaksine pasyan an si yo chwazi sa epi yo pa bezwen ale nan evalyasyon medikal si yo chwazi sa.

7. Èske ou gen kansè, lesemi, VIH/SIDA, antesedan maladi oto-imitè oswa nenpòt lòt pwoblèm sante ki afibli sistèm iminitè a?

Si wi, refere ou founisè swen sante sit vaksinasyon an pou diskite sou sa yo konnen epi yo poko konnen sou vaksen COVID-19 la pou moun ki gen sistèm iminitè ki afibli yo. Ou ka di pasyan an ke si yo gen sistèm iminitè ki afibli oswa si yo pran yon medikaman ki afekte sistèm iminitè yo, yo ka gen yon repons iminitè ki mwen fò ak vaksen an, men yo ka toujou pran vaksen an. Yo ta dwe kontinye swiv konsèy aktyèl la pou pwoteje tèt yo kont COVID-19.

8. Èske ou pran nenpòt medikaman ki afekte sistèm iminitè ou, tankou kòtizòn, prednizòn oswa lòt estewoyid, dwòg antikansè, oswa èske ou te sibi nenpòt tretman radyasyon?

Si wi, refere ou founisè swen sante sit vaksinasyon an pou diskite sou sa yo konnen epi yo poko konnen sou vaksen COVID-19 la pou moun ki imino-depresif yo. Ou ka di pasyan an ke si yo gen sistèm iminitè ki afebli oswa si yo pran yon medikaman ki afekte sistèm iminitè yo, yo ka gen yon repons iminitè ki mwen fò ak vaksen an, men yo ka toujou pran vaksen an. Yo ta dwe kontinye swiv konsèy aktyèl la pou pwoteje tèt yo kont COVID-19.

9. Èske ou gen yon maladi k ap senyen oswa w ap pran yon anti-kowagilan?

Si wi, refere ou kay founisè swen sante pou evalye risk senyen pasyan an. Si yo otorize pou vaksinasyon an, answit administre vaksen an lè ou sèvi avèk yon egwi kalib 23 oswa pi piti epi aplike presyon fèm sou sit (pozisyon) vaksinasyon an, san fwote, pou omwen 2 minit apre vaksinasyon an.

10. Èske ou te resevwa yon dòz vaksen COVID-19 la anvan sa?

Si wi, verifye ke dezyèm dòz vaksen mRNA COVID-19 la soti nan menm fabrikan ak dòz anvan an e ke dezyèm dòz la ap administre nan delè ki kòrèk la (21 jou apre premye dòz la pou Pfizer; 28 jou apati premye dòz la Moderna). Si pasyan an pa sonje vaksen COVID-19 ke li te resevwa anvan an, tcheke dosye medikal la, NYSIIS, CIR, ak kat dosye vaksinasyon pou ede detèmine premye pwodwi yo te resevwa a. Dezyèm dòz yon vaksen mRNA COVID-19 ta dwe administre pre entèval yo rekòmande a jan sa posib. Vaksen COVID-19 Janssen lan egzije sèlman yon dòz.

Nan sit vaksinasyon Eta opere yo: Si yon moun prezante pou yon vaksen COVID-19 Janssen apre li te deja resevwa yon sèl dòz vaksen COVID-19 Pfizer oswa Moderna, yo pa ta dwe administre vaksen COVID-19 Janssen lan pou yo.

*** Nenpòt moun ki reponn "Pa konnen" nan nenpòt kesyon tèks depistaj yo ta dwe refere yo bay direktè medikal la oswa founisè swen sante ki responsab nan POD oswa klinik lan pou yo evalye davantaj repons yo sou kesyon sa a. (Pa egzanp, moun te petèt pa konprann kesyon an epi founisè swen sante a ta kapab**